ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№17 (22.925) • 2015 гъэм мазаем (февралым) и 3, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

## ХабзэкIэ щIагъэбыдэ

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Бозий Натбий республикэм и хабзэгъэув IэнатIэ нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ.**

ДЕПУТАТХЭР хэплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» ягъэхьэзыра законым и проектым. Ар хуэгъэзащ УФ-м и къэрал къулыкъум пэрыхьэхэр зэрагъэунэху пIалъэр нэхъ зыубгъуауэ къэгъэсэбэпыным, апхуэдэу республикэ законым и пщалъэ щхьэхуэхэр федеральнэ законодательствэм егъэзэгъыжыным.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал-уней зэдэлэжьэныгъэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа законым и проектыр щызэпкърахым, Парламентым ЭкономикэмкIэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур** къыгъэлъэгъуащ зэгурыIуэныгъэ зэхузиIэ лъэныкъуэхэм я къалэнхэр хабзэкIэ щIагъэбыдэну зэрамурадыр. Апхуэдэу «Лэжьыгъэ лъыхъуэ цIыху щхьэхуэхэм IэнатIэ къызэрыхудах квотэхэм я IуэхукIэ» КъБР-м и Законым игъуэтыну зэхъуэкIыныгъэхэр ягъэбелджылащ. Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Бгъэжьнокъуэ Зурият** зэрыжиIамкIэ, ахэр тещIыхьащ зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэхэм, балигъ мыхъуахэм ягъуэт дэIэпыкъуныгъэм хэгъэхъуэным, апхуэдэхэм IэнатIэ нэхъыбэ къахуэгъуэтыным.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «2015 гъэм, апхуэдэу 2016, 2017 гъэхэм КъБР-м и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа законым и проектым. БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ комитетым и Iэтащхьэ **АфэщIагъуэ Михаил** къызэрыхигъэщамкIэ, ар ягъэхьэзыращ Налшык къалэм щаухуэну перинатальнэ центрым хуэзэну мылъкур зыхуэдизыр закон гуэдзэм къыщыгъэлъэгъун хуейуэ ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ федеральнэ фондым къызэригъэувым тету. Абы ипкъ иткIэ, республикэ бюджетым щыщу мы гъэм а Iуэхум хухахам сом мелуани 175,7-рэ дыщIагъужынущ икIи сом мелуан 457,4-рэ хъунущ.

Законхэм я проект псори депутатхэмрэ Iуэхур зэхьэлIа IэнатIэхэмрэ хуагуэшащ. Кууэ яджа нэужь, КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм ахэр къыщыхалъхьэнущ.

Президиумым хэтхэм даIыгъащ «Псэущхьэхэм ягъуэтын хуей гулъытэм и IуэхукIэ» Федеральнэ законыр икIэщIыпIэкIэ къэщтэным теухуауэ Сахалин областым и Думэм УФ-м и Къэрал Думэм зэрызыхуигъазэр.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Пресс-конференц

## Уасэхэм зэрыхагъахъуэр къыттемыхьэлъэну пIэрэ?

**КъБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий щIышылэм и 27-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ ЖКХ-м и Iуэхухэр зезыгъакIуэ организацэхэм коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр зэрыхагъэхъуэн хуей мардэхэр зэрагъэзащIэм.**

ЖУРНАЛИСТХЭМ я упщIэхэм жэуап иратащ Къэбэрдей-Балъкъэрым энергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэуалъэхэм кIэлъыплъынымкIэ и министр **Кучменов ТIэхьир**, республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Бэлагъы Борис**, Налшык къалэ округым и унафэщIым и къуэдзэ **Тонконог Анатолий** сымэ.

УФ-м и Правительствэм 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м къыдигъэкIа унафэ №2222-м къыщыгъэлъэгъуащ щIыналъэхэм коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэм зэрыщыхагъахъуэну зыхуит мардэхэр зыхуэдизыр. Абы зэритымкIэ, 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щыщIэдзауэ 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэрым ар процента 104-м щыфIэбгъэкI хъунукъым. КъищынэмыщIауэ, ЖКХ-м и къалэнщ а унафэр зэригъэзащIэм теухуауэ и лэжьыгъэр зэрызэтриублэ щIыкIэр Интернетым къыщызэIуиха и сайтым 2015 гъэм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ къыщигъэлъэгъуэну.

Журналистхэр щIэупщIащ фэтэр куэд зыхэт псэупIэ унэхэм щIэт лифтхэм ящыщу дапхуэдизым зэрылэжьэн хуей я пIалъэр икIами, мы гъэм дапщэ яхузэхъуэкIынуми, жьы хъуа унэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным хухаха ахъшэр зыхуэдизми, нэгъуэщIхэми.

- Республикэм и псэупIэ унэхэм псори зэхэту лифт 546-рэ щIэтщ, абыхэм ящыщу 147-м къагъэсэбэпыну зэрыхуит я пIалъэр икIащ, - жиIащ Бэлагъы Борис. - Ахэр зэгъэпэщыжыным сом мин 400 - 500-м нэблагъэ текIуэдэнущ. Жьыр щIэкIэ зэхъуэкIыным сом мелуан 1,2 - 1,5-рэ ихьынущ. ЗэкIэ зэхэгъэкIауэ щыткъым лифт дапщэ мы гъэм тхузэхъуэкIынуми. Абы щыгъуэми жысIэфынущ Налшык къалэ дэт, фэтэр куэд зыхэт псэупIэ унэхэм ящыщу 4-р мы гъэм зэрызэдгъэпэщыжыну ахъшэр, сом мелуани 6-м щIигъур, республикэм и бюджетым къызэрытхухигъэкIар.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**




### Аргуэру къаугъэ къилъыхъуэрэ?

**Польшэм нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министр Схетынэ Гжегож и цIэр нэхъыбэрэ игъэIумэ нэхъ къищтэу фэ тетщ иужьрей зэманым.**

«Освенцим фашистхэм щаIа гъэрэщым исахэр хуит къэзыщIыжар украинхэрщ», - жиIэри, тхыдэджхэр зэрызыхуигъэшхыдэрэ куэд щIакъым, иджы нэгъуэщI къаугъэ къелъыхъуэ. «Сыт дэ апхуэдизу тыншу дыщIесар ТекIуэныгъэм и махуэр Москва щыгъэлъэпIэным? Ар щIэмы-Лондоныр е щIэмы-Берлиныр сыт? Аракъэ ЕтIуанэ дунейпсо зауэр щиухар. Зауэр зэриухар абы щыщIидза щIыпIэм щыбгъэлъэпIэныр тэмэмкъым», - жиIащ дыгъуасэ Польшэм и МИД-м и унафэщIым.

Схетынэ Iуэхур зытрищIыхьыр я къэралым и президент Коморовский Бронислав нэхъапэIуэкIэ къыхилъхьа жэрдэмырауэ къыщIэкIынущ. Коморовскэм и мурадщ Европэм и къэрал унафэщIхэр мы гъэм и накъыгъэм и 8-м Вестерплатте хытIыгуныкъуэм, Гданьск къалэм пэмыжыжьэу, щызэхуишэсыну. ЕтIуанэ дунейпсо зауэм 1939 гъэм фокIадэм и 1-м щыщIидзауэ къалъытэр абдежыращ.

А псоми я щхьэусыгъуэри яхуэгъэпщкIуркъым - мы гъэм накъыгъэм и 9-м ди къэралым Iэтауэ щагъэлъэпIэнущ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъур. А гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм европэ къэралхэм я Iэтащхьэхэр хамыгъэтынырщ Польшэм и унафэщIхэм зи Iуэху зэрахуэр.

Польшэм къикIа хъыбарыр къызэрыщыхъуамкIэ журналистхэр щеупщIым, УФ-м и Президентым и Администрацэм и унафэщI Иванов Сергей жиIащ: «Москва щекIуэкIыну гуфIэгъуэхэм хэтыну европэ унафэщIхэр къэмыкIуэми, Урысейр абы зыгуэрурэ къелынщ. ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъур къыддагъэлъэпIэну зэрыхуейр жаIакIэщ дунейм и къэрал 22-м я Iэтащхьэхэм».

### СемышкIафэр къагъэсэбэп

**Украинэм хыхьэ Черкасскэ областым щыщ Чернобай къалэм ерыскъыпхъэхэр къыщыщIагъэкIыу дэт заводыр яужь ихьащ семышкIафэм гъэсыныпхъэ къыхэщIыкIыным.**

ФIамыщIымрэ газымрэ а къэралым зэпэубыда зэрыщыхъуам къыхэкIыу, зэманым зыдамыщIу хъуркъым къэралым и IуэхущIапIэхэми. Иджы а Iэмалыр икъукIэ игъуэу къалъытауэ, абы йолэжь.

СемышкIафэм елэжь Iэмэпсымэ лъэщ ягъэуваузэ, абы гъэсыныпхъэщIэр зэхехьэжэ, къупхъэм иреубэри, иужькIэ Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпегъэлъэлъыж. КIэщIу жыпIэмэ, хьэкум зэриплъхьэным хуэщIауэ станокым къыщIокI. А гъэсыныпхъэр и къарукIэ фIамыщIым къыкIэрыхуркъым, ауэ и къэлэжьыпщIэр куэдкIэ нэхъ пудщ. ИджыпстукIэ заводым зы жэщ-махуэм апхуэдэ гъэсыну тоннитху къыщIегъэкI. АбыкIэ псэупIэхэр бгъэхуаби, ар пэшхьэкум ибдзэу урипщафIи хъунущ, уеблэмэ, и дэпымкIэ лы бгъажьэми икъукIэ гурыхь хъуну къалъытэ ар къыщIэзыгъэкIхэм. Езыхэми ягъэунэхуакIэщ я продукцэщIэр - абыкIэщ заводым и IуэхущIапIэхэр, административнэ унэхэр зэригъэхуабэр.

♦**Псалъэ мыхъумыщIэхэр бзэм хэгъэкъэбзыкIыным и дунейпсо махуэщ**

♦1924 гъэм «Къэбэрдей Плъыжь» газетым и цIэр «Къэрэхьэлъкъ» жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦1925 гъэм СССР-м радиом псэлъэн щыщIидзащ.

♦УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэу щыта, КъБР-м и цIыхубэ артист **Къуныжь Хьэждал** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 9, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Гъэмахуэм Iэжьэ щIыи, щIымахуэм гу щIы.**

## Илъэс 400 зи ныбжь Зеикъуэ къуажэр

● Тхыдэ

Къэбэрдей пщышхуэ Къазий къуитху иIащ: ХьэтIохъущыкъуэ, Щолэхъу, Жамбот, Мысост, Ислъам сымэ. Къазий зауэм 1615 гъэм хэкIуэда нэужь, пщышхуэ хъуащ зэшитхум я нэхъыжьыр - ХьэтIохъущыкъуэ. Абы къыдежьащ ХьэтIохъущокъуэхэ я унэцIэр.

XV лIэщIыгъуэм Адыгэ (Шэрджэс) къэрал зыухуауэ щыта Инал пщышхуэм (Инал Нэху) и щIэблэщ ХьэтIохъущокъуэхэ.

Къазий и жылагъуэ зыбжанэ дэсащ Бахъсэн псыхъуэ. ХьэтIохъущыкъуэ къыщалъхуар абыхэм ящыщ зырщ. Ар пщышхуэ зэрыхъу лъандэрэ а жылагъуэм ХьэтIохъущыкъуей цIэр зэрихьащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм и ныбжьыр мы гъэм илъэс 400 мэхъу.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

# Бэджэнд зэхущытыкIэхэм теухуауэ аргуэру зэ

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щIы зэхущытыкIэхэм зыщегъэужьыным, къэралым ерыскъыпхъэ къэзылэжьхэм защIигъэкъуэным ехьэлIа Iуэхухэм щытепсэлъыхьащ Прохладнэ районым и мэкъумэшыщIэхэм зыкъызэрыхуагъэзам къыхэкIыу республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэща «стIол хъурейм».**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Литовченкэ Татьянэ жиIащ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ мэкъумэш IуэхущIапIэхэм я унафэщI, бэджэндырылажьэ зыбжанэм зыкъыхуагъэзащ бэджэндырылажьэхэр зэпеуэкIэ къыхахыныр, гъавэщIапIэхэр бэджэнду къыIахыным теухуа зэгурыIуэныгъэхэу зи пIалъэр икIахэр е зэман гъунэгъу дыдэм икIхэм къару щаIэну зэманыр ягъэIэпхъуэныр къамыгъэхъуну къагъэуву. Къыхэзгъэщынщи, Урысей Федерацэ псом хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми щыIэщ бэджэнд щIы зэхущытыкIэхэр зыгъэбелджылы хабзэр: къэрал е муниципальнэ мылъкуу щыт гъавэщIапIэхэм ящыщ Iыхьэхэр цIыхухэм, юридическэ лицохэм ткIийуэ федеральнэ законодательствэм тету щрат зэпеуэхэм, аукционхэм. Абы щыгъуэми фейдэ пымылъу щIыр къэзыгъэсэбэпхэм иращIылIа бэджэнд зэгурыIуэныгъэхэр я пIалъэр къэмысу якъутэж хъунущ.

Зыкъытхуэзыгъэзахэм илъэс куэд хъуауэ ерыскъыпхъэхэр къалэжьыфу икIи щIыр Iэзэу къагъэсэбэпыфу зыкъагъэлъэгъуа пэтми, дэ зи гугъу тщIы зэхущытыкIэхэр щызэтедухуэкIэ хабзэм дебэкъуэнкIэ Iэмал зимыIэщ. Мыбдежым къуажэдэсхэм щыгурагъэIуэн хуейщ властым и муниципальнэ органхэм пэщIагъэувэным и пIэкIэ зэпеуэ Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыныр хабзэм къызэрезэгъыр. Мы зэманым егугъуу къапщытэ бэджэнд зэхущытыкIэхэм яхуэгъэза зэгурыIуэныгъэхэм япкъ иткIэ къыIаха щIыхэр къызэрагъэсэбэп щIыкIэр. Абы Iэмал къитынущ хьэлэлу икIи фейдэ пылъу ерыскъыпхъэхэр къэзылэжьхэр, псом япэу къуажэдэсхэр, бэджэнд зэхущытыкIэхэм хашэну.

Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Говоров Сергей къыхигъэбелджылыкIащ бэджэнду ят хъуну щIы Iыхьэхэр зэрыщыIэм теухуа хъыбархэр ипэIуэкIэ икIи и чэзум газетхэм къытрагъэдзарэ а щIыр къаIихыну зы лъэIу фIэкIа ямытамэ, аукцион зэрырамыгъэкIуэкIыр. Ауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ къыщыщыхъур зэзэмызэ дыдэщ.

Мы Iуэхум зэригъэпIейтейр жаIащ «Урысейм папщIэ» ЦIыхубэ фронт» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и къудамэу КъБР-м щыIэм и лIыкIуэхэми. «ЩIы зэхущытыкIэхэм япыщIа Iуэхур, щхьэтечу жыпIэмэ, зэпеуэ ирагъэкIуэкIыурэ бэджэнду тыным егъэщIылIа Iуэхур, мызэ-мытIэу ЦIыхубэ фронтым къиIэтащ мыпхуэдэ къалэныр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу къэрал псом зэрыщыIэм къыхэкIыу. Мы зэманым гъавэщIапIэхэр бэджэнду къеIыпхын папщIэ щыIэр зы Iэмал закъуэщ - зэпеуэ Iуэхухэм ухэтынырщ. ГъащIэм къызэригъэлъагъуэщи, щIыр щаIэрыхьэ къохъу ар зэрахьэну щIэныгъэ зыбгъэдэмылъхэм. Дызытепсэлъыхь Iуэхум республикэм и дежкIэ мыхьэнэ ин дыдэ иIэщ икIи ар хыхьащ Урысейпсо цIыхубэ фронтым и щIыналъэ къудамэм и чэнджэщхэм», - къыхигъэщхьэхукIащ гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI Минин Вячеслав.

УФ-м и ЩIы кодексым халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэу 2015 гъэм гъатхэпэм и 1-м къару зыгъуэтхэм тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIы, мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министр Бышэн Азрэт: «Ахэр яхуэгъэзащ щIы къыIахыным икIи абыкIэ тхылъхэр ирагъэтхыным теухуа Iуэхухэр куэдкIэ тынш ящыщIыным. Къэрал е муниципальнэ мылъкуу щыт щIы Iыхьэр бэджэнду ятынымкIэ зэгурыIуэныгъэр зэпеуэ хэмыту иращIылIэ апхуэдэ щIы Iыхьэр сэбэпышхуэ пылъу къэзыгъэсэбэпа бэджэндырылажьэм. Абы щхьэкIэ бэджэнду иратыным теухуа зэгурыIуэныгъэщIэ иращIылIэну а бэджэндырылажьэр лъэIуэн хуейщ ипэрей зэгурыIуэныгъэм къару щиIэ пIалъэр имыкI щIыкIэ».

КъБР-м и Парламентым Аграр политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, щIы зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым и унафэщI Мокаев Кемал къагуригъэIуащ гъавэщIапIэхэм щыщ щIы Iыхьэхэр илъэси 3-м къыщыщIэдзауэ 49-м нэс бэджэнду ят хъуну къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэм зэрыхалъхьар. Абы щIыр къэзыгъэсэбэпхэм Iэмал ярет фIэщхъуныгъэ яхэлъу лэжьэну.

Агрофирмэхэм я унафэщIхэу Джыназ Расулрэ Гайтуркаев Хасирэ я псалъэм къыхагъэщащ щIыр тэмэму къызэрамыгъэсэбэпыр, ар зылъысахэм езыхэм бэджэнду щатыж къызэрыхъур къахутэн мурадкIэ гъавэщIапIэхэр икIэщIыпIэкIэ къапщытэн зэрыхуейр.

Вице-премьер, мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр Дадэ МуIэед къэралыр ерыскъыпхъэ къэзылэжьым дэIэпыкъун зэрыхуейм щытепсэлъыхьым, къыхигъэщхьэхукIащ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэр хуейщ мэкъумэшыщIэхэмрэ Iэщыхъуэхэмрэ фейдэ пылъу лэжьэн папщIэ Iэмалхэр къызэрагъэпэщыну икIи къэралыр зэрадэIэпыкъур абыхэм ящыщ зыщ. 2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш IэнатIэм федеральнэ бюджетым щыщу сом мелард 1,3-рэ, республикэм и бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 460-рэ къыхуаутIыпщащ. Iэщ гъэхъуным, мэкъумэшхэкIхэм, хадэхэкIым елэжьыным, псэуныгъэ Iуэхухэм я IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэ 20-м субсидиехэр ялъэIэсащ. Мы гъэм къэралым пищэнущ къуажэдэсхэм ахъшэкIэ защIигъэкъуэным. Ауэ псом япэу ар зыIэрыхьэн хуейр ерыскъыпхъэхэр куэду къэлэжьыным ехъулIэхэрщ. Бюджет мылъкур IэнатIэхэм зегъэужьыным щыхэтлъхьэкIэ дэ иужькIэ дыкIэлъыплъын хуейщ ар къызэрагъэсэбэп щIыкIэм. Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэм и лэжьыгъэр нахуэу щытын папщIэ дэ ди деж щолажьэ къэралыр къадэIэпыкъуным ехьэлIа Iуэхухэр зезыгъакIуэ комиссэ. Абы хыхьащ республикэм и муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэхэм я щIыпIэ администрацэхэм, жылагъуэм, щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр. Ахэр щIэгъэкъуэн хъунущ субсидиехэр тэмэму трагуэшэнымкIэ.

ЗэIущIэм къыщаIэтахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щIы реформэ щегъэкIуэкIыным теухуауэ къыхалъхьэнухэр зыгъэхьэзырыну республикэ комиссэм и деж нагъэсынущ.

**САМЧЕНКЭ Светланэ.**
*КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ*

# Сац Наталье и медалыр

**«Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщIэщым мэрем кIуам Iуэху гуапэ щекIуэкIащ. ТворчествэмкIэ Дунейпсо Академием и вице-президент Вэрокъуэ Владимир, Президиумым ищIа унафэм ипкъ иткIэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ, академик Сац Наталье и цIэр зезыхьэ Дыщэ медалыр иритыжащ ар зыхуагъэфэща, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩIДАА-м и вице-президент, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.**



● ПщIэ

ХЬЭФIЫЦIЭМ хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я щыIэкIэ-псэукIэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ къыхуагъэфэща медалым и цIэр зэрехьэ совет театр режиссёр, япэ опернэ режиссёр, тхакIуэ, егъэджакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтым, Лениным и цIэр зезыхьэ саугъэтым, СССР-м и Министрхэм я Советым и саугъэтым я лауреат, СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым хэта Сац Наталье. Ар ират щэнхабзэм, лъэпкъ зыужьыныгъэм купщIафIэу хуэлажьэ цIыху пэрытхэм.

Апхуэдэ къалэн гуапэр зыгъэзэщIа Вэрокъуэ Владимир жиIащ Урысейм и мызакъуэу хамэ къэрал куэдым къыщацIыху журналист, публицист ХьэфIыцIэ Мухьэмэд адыгэм хуилэжь IуэхуфIхэм гулъытэ къыхуащIын хуейуэ къызэрилъытар, а жэрдэмыр ТворчествэмкIэ Дунейпсо Академием и Президиумым хэт псоми зэдэарэзыуэ къызэрыдаIыгъар.

- Мухьэмэд зи ужь итыр щэнхабзэм, гъуазджэм зегъэужьыным и закъуэкъым, атIэ куэдым яхузэфIэмыкIын хэлъхьэныгъэ ин хуещI адыгэ тхыдэр джыным, лъэпкъ Iуэхур гъэкIуэтэным, адыгэхэм хуэпэжыным, - жиIащ Вэрокъуэм. - Къэбгъэлъагъуэмэ, шэрджэсхэм ятеухуауэ лажьэ куэд къэралым искъым, а исхэми ящIэр дахэу, екIуу, мыхьэнэ иIэу цIыхум бгъэдалъхьэфын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ ХьэфIыцIэм ищIэ лэжьыгъэри, ар цIыхухэм я пащхьэ къызэрырилъхьэри къызыхуэтыншэщ. «Дэ дышэрджэсщ», - жиIэу адрей лъэпкъхэм закъыхигъэпIиикIыркъым, атIэ зэпIэзэрыту, шыIэныгъэ хэлъу къызыхэкIа лъэпкъым хуолажьэ.

Вэрокъуэм къыхигъэщащ хэхэс адыгэхэм ятеухуауэ иджыри лэжьыгъэщIэ куэдкIэ Мухьэмэд зэрыщыгугъыр, цIыхубэм, къэралым къабгъэдэкI гулъытэ куэд къыхуащIыну зэригуапэр.

ПщIэ зыхуащI нэхъыжьым и лэжьэгъухэм, и ныбжьэгъухэм къыхагъэщащ щапхъэ зытрахыу къадэгъуэгурыкIуэ лэжьакIуэшхуэм и Iулыджыр куэдым къызэралъытэр я гуапэ зэрыхъур.

Урысейм и Госфильмофондым и Кавказ Ищхъэрэ къудамэм и тхьэмадэ Наводничий Юрий къыхигъэщащ Мухьэмэд ищIэ лэжьыгъэхэм я кууагъым къыдэкIуэу, абы и гъунэгъуу щыт псоми жыджэрагъэ IущагъкIэ зэрадэгуэшэфыр, щапхъэ игъэлъагъуэу дунейм зэрытетыр. «Тхыдэм, литературэм, публицистикэм, журналистикэм къыхэбна лъэужьым и фIыгъуэ куэд къокIыну, иджыри узыншэу куэдрэ улэжьэну си гуапэщ», - дыщIигъуащ абы.

КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Дроздов Игорь** ХьэфIыцIэм ехъуэхъуащ икIи жиIащ дыщэ медалым зыхуэфащэ лIыхъужьыр къызэригъуэтыжар.

- ХьэфIыцIэ Мухьэмэд адыгэ тхыдэм хуищI хэлъхьэныгъэм, лъэпкъым ифI зыхэлъ Iуэху куэд зэрилэжьым и закъуэкъым, атIэ республикэм и щэнхабзэм, гъуазджэм, литературэм заужьынми холIыфIыхь. Иджыри зи щIалэгъуэм хуэдэу жыджэру мэлажьэ, - пищащ «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Аттаев Жамал**.

«Сэ сыт щыгъуи жызоIэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд лъэпкъ щэнхабзэм, республикэ журналистикэм яхуищIамрэ къызыхэкIам зэрыхуэпэжымрэ къызэрыпIуэтэфын псалъэ зэрыщымыIэр. Сэ сыдэлэжьащ ХьэфIыцIэми, фIыуэ сощIэ езыр зи ужь ит Iуэхум «Адыгэ псалъэм» и журналистхэр зэрыдригъэхьэхыфыр. Мухьэмэд пщIэ щIыхуэсщIыр щэнхабзэм и лэжьакIуэ пажэу зэрыщытым и закъуэкъым, атIэ цIыхугъэ зэрыхэлъырщ, зэрыхэкупсэрщ, зэрыхьэлэлырщ», - къыхигъэщащ КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Къэзанш Людмилэ**.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и лэжьыгъэм игъуэта пщIэм папщIэ фIыщIэ яхуищIащ ТворчествэмкIэ Дунейпсо Академием и Президиумым, абы и вице-президент Вэрокъуэ Владимир сымэ. Илъэс 50-м нэблагъэуэ зи ужь ит Iуэхум гу къызэрылъатар и гуапэ зэрыхъуар, хэхэс адыгэхэм ятеухуауэ зэхуихьэса экспонат мин бжыгъэхэр зыщIэлъын музей республикэм щаухуэну зэрихъуэпсапIэр къыхигъэщащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● ХъыбарегъащIэ

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

2015 гъэм мазаем и 5-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэ.

ЩыщIидзэнур сыхьэти 10.00-рщ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ
АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР
1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI
№№120-121 (22.779) • 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 21, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 6-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!
Мазаем и 27 пщIондэ Iэ тевдзэмэ, ди газетыр ныфхуахьынущ гъатхэпэм къыщыщIэдзауэ.
МазиплIым газетым и уасэр сом 559-рэ кIэпIейкIэ 20-рэщ.

Ди индексыр 51531

# Дэфтэрхэр зыхуей хуэзэу яхъумэрэ?

**КъБР-м и Архив IуэхущIапIэм щекIуэкIащ 2014 гъэм ялэжьахэр къыщапщытэжа, 2015 гъэм къапэщылъ къалэнхэр щаубзыхуа зэIущIэ. Абы къеблэгъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Емуз Нинэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу Дроздов Игорь сымэ.**

АРХИВ IуэхущIапIэм и лэжьыгъэм, абы къехъулIэхэмрэ хузэфIэмыкIхэмрэ, къызэрызэгъэпэщамрэ зыхуримыкъумрэ тепсэлъыхьащ абы и унафэщI **Семэн Пщыкъан**.

2014 гъэм ялэжьам и гугъу щищIым, абы къыхигъэщащ IуэхущIапIэм щIэлъ дэфтэрхэр зыхуей хуэзэу хъумэным, абыхэм къащIэупщIэхэм тэмэму IуэхутхьэбзэI яхуэщIэным, дэфтэрхэм я бжыгъэм къыхэгъэхъуэным гулъытэ хэха зэрыхуащIар.

- Дызыхунэмысу къэна Iуэхугъуэхэри арэзы дыкъэзыщIхэри щыIэщ. Илъэс кIуам едгъэкIуэкIащ коллегием и зэхыхьэхэр, Iуэху зэIумыбзхэм хухэтха зэIущIэхэр. 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м зэхэтша зэIущIэм щыдубзыхуащ КъБР-м и архив IуэхущIапIэр 2017 гъэ пщIондэ зытелэжьэну Iуэхугъуэхэр. 2014 гъэм къэрал, муниципальнэ архивхэм я фонд 3366-м къыщыдбжащ дэфтэру 145558-рэ. Абыхэм яхэтщ тхыдэ, щIэныгъэ, техникэ, нэгъуэщI дэфтэр лIэужьыгъуэхэр, сурэтхэр, видеотхыгъэхэр. Нобэ дэфтэр хъумапIэхэр процент 95,3-кIэ гъэнщIащ, - жиIащ Семэным икIи дяпэкIэ къаIэрыхьэну дэфтэрхэр щахъумэн щIыпIэхэр зэгъэпэщын зэрыхуейми и гугъу ищIащ.

Семэн Пщыкъан зэрыжиIамкIэ, архивым и къэрал IуэхущIапIэхэм щолажьэ цIыху 71-рэ, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм 23-рэ. 2014 гъэм я щIэныгъэм хагъэхъуащ абы и лэжьакIуэу блым. 2015 гъэми а Iуэхум пащэнущ. Гъэ кIуам IуэхущIапIэм игъэуващ компьютерыщIэхэр, мафIэсым щызыхъумэ, лэжьапIэ пэшхэм щекIуэкIхэм уазэрыкIэлъыплъын Iэмэпсымэхэр, жьы хъуа щхьэгъубжэхэр зэрахъуэкIащ.

Семэн Пщыкъан щхьэхуэу къытеувыIащ текIыжынкIэ хъуну дэфтэр Iэрытххэр зэфIэгъэувэжыным пыщIа гугъуехьхэм. УнафэщIым жиIащ и лэжьакIуэхэм я Iуэху зехьэкIэм арэзы зэрытехъуэр, адэкIи абы тетыну зэращыгугъыр.

Архив IуэхущIапIэм лэжьыгъэшхуэхэр къызэрыпэщылъыр тепсэлъыхьащ абы и унафэщIым и къуэдзэ **Власов Игорь**. Апхуэдэхэщ «Дэфтэрхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ» къыдэкIыгъуэм и томыщIэ дунейм къытегъэхьэныр, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу республикэм щекIуэкIыну Iуэхугъуэхэм зыхуагъэхьэзырыныр, КъБР-м и архивым и сайтым зегъэубгъуныр, нэгъуэщIхэри.

**Емуз Нинэ** жиIащ архивым и лэжьакIуэхэм зэфIагъэкI лэжьыгъэм къэралым, республикэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр. КъБР-м и Архив IуэхущIапIэм гугъуехь къылъыкъуэкIмэ, дэIэпыкъуэгъу хъуну зэрыхьэзырыр.

Тхыдэджхэмрэ архив лэжьакIуэхэмрэ я урысей зэгухьэныгъэм 2014 гъэм ирегъэкIуэкIа ныбжьыщIэхэм я урысейпсо еджэныгъэкъэхутэныгъэ зэпеуэм япэ увыпIэ къыщызыхьа, Алътуд школым и еджакIуэ Ут Аслъэнбэчрэ абы и щIэныгъэ унафэщI Къардэн ФатIимэрэ зэIущIэм щIыхь тхылъхэр щратащ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

## Етхуанэ хэхыгъуэм и депутатхэу КъБР-м и Парламентым зэпымыууэ щылажьэхэр зи щхьэ IуэхукIэ КъБР-м и Парламентым къекIуалIэхэм щахуэзэ зэманыр

| махуэхэр | япэ тхьэмахуэм | етIуанэ тхьэмахуэм | ещанэ тхьэмахуэм | еплIанэ тхьэмахуэм |
|---|---|---|---|---|
| блыщхьэм | Мэлбахъуэ Б. Хь. сыхьэт 14-17-хэм | Мэлбахъуэ Б. Хь. сыхьэт 14-17-хэм | Мэлбахъуэ Б. Хь. сыхьэт 14-17-хэм | Мэлбахъуэ Б. Хь. сыхьэт 14-17-хэм |
| гъубжым | Бгъэжьнокъуэ З. М. сыхьэти 10-13-хэм | Бозий Н. М. сыхьэти 10-12-хэм | Бгъэжьнокъуэ З. М. сыхьэти 10-13-хэм | Бозий Н. М. сыхьэти 10-12-хэм |
| | | Жанатаев С. А. сыхьэти 10-13-хэм | | Жанатаев С. А. сыхьэт 15-18-хэм |
| | | Азычэ С. Г. сыхьэти 10-12-хэм | | Азычэ С. Г. сыхьэти 10-12-хэм |
| | | Гриневич В. В. сыхьэт 14-18-хэм | | Гриневич В. В. сыхьэт 14-18-хэм |
| | Кривко М. Н. сыхьэти 9-13-хэм | Кривко М. Н. сыхьэти 9-13-хэм | Кривко М. Н. сыхьэти 9-13-хэм | Кривко М. Н. сыхьэти 9-13-хэм |
| | Берд Хь. А. сыхьэт 15-17-хэм | Берд Хь. А. сыхьэт 15-17-хэм | Берд Хь. А. сыхьэт 15-17-хэм | Берд Хь. А. сыхьэт 15-17-хэм |
| | | Iэпщэ З. Б. сыхьэт 15-17-хэм | | Iэпщэ З. Б. сыхьэт 15-17-хэм |
| бэрэжьейм | Гугу В. Р. сыхьэт 15-17-хэм | Гугу В. Р. сыхьэт 15-17-хэм | Гугу В. Р. сыхьэт 15-17-хэм | Гугу В. Р. сыхьэт 15-17-хэм |
| | Пащты Б. С. сыхьэти 9-13-хэм | Пащты Б. С. сыхьэт 14-18-хэм | Пащты Б. С. сыхьэти 9-13-хэм | Пащты Б. С. сыхьэт 14-18-хэм |
| | АфэщIагъуэ М. Хь. сыхьэт 15-17-хэм | АфэщIагъуэ М. Хь. сыхьэт 15-17-хэм | АфэщIагъуэ М. Хь. сыхьэт 15-17-хэм | АфэщIагъуэ М. Хь. сыхьэт 15-17-хэм |
| | | Къардэн М. Н. сыхьэти 10-12-хэм | | Къардэн М. Н. сыхьэти 10-12-хэм |
| | | | | Мокаев К. А. сыхьэт 15-17-хэм |
| | | | | Щхьэгъэпсо С. Хь. сыхьэт 15-17-хэм |
| мэремым | цIыхухэм муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щаIущIэнущ (графикым тету) | | | |

## Депутатхэм ящыщу зэпымыууэ КъБР-м и Парламентым щылажьэхэр мэрем махуэ къэс цIыхухэм зэраIущIэр

| №№ | цIыхухэм яIущIэнур | зэманыр | щахуэзэну щIыпIэр |
|---|---|---|---|
| 1 | КъБР-м и Парламентым и депутат Егоровэ Т. Б. | ещанэ мэремым сыхьэти 10-13-хэм | КъБР-м и Парламентым |
| 2 | КъБР-м и Парламентым и депутат Бозий Н. М. | сыхьэти 10-12-хэм | Аруан муниципальнэ районым |
| 3 | КъБР-м и Парламентым и депутат Жанатаев С. А. | япэ мэремым сыхьэти 10-15-хэм | Налшык къалэ округым и администрацэм |
| 4 | КъБР-м и Парламентым и депутат Берд Хь. А. | сыхьэти 10-12-хэм | Налшык къалэм дэт курыт еджапIэ №27-м |
| 5 | КъБР-м и Парламентым и депутат Мэлбахъуэ Б. Хь. | сыхьэти 9-17-хэм | Бахъсэн муниципальнэ районым |
| 6 | КъБР-м и Парламентым и депутат Мовсисян Г. О. | сыхьэти 10-16-хэм | КъБР-м и Парламентым |
| 7 | КъБР-м и Парламентым и депутат Кривко М. Н. | сыхьэти 9-12-хэм | Прохладнэ муниципальнэ районым и администрацэм |
| 8 | КъБР-м и Парламентым и депутат Iэпщэ З. Б. | сыхьэти 9-12-хэм | Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм, Кулиевым и цIэр зезыхьэ уэрам, 12 |
| 9 | КъБР-м и Парламентым и депутат АфэщIагъуэ М. Хь. | сыхьэти 10-12-хэм | КъБР-м и Парламентым |
| 10 | КъБР-м и Парламентым и депутат Азычэ С. Г. | сыхьэти 10-16-хэм | «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и унэм, Лермонтовым и цIэр зезыхьэ уэрам, 22 |
| 11 | КъБР-м и Парламентым и депутат Гугу В. Р. | етIуанэ мэремым сыхьэт 16-18-хэм | Налшык къалэм дэт сабий сад №60-м, Ингуш уэрам, 9 «а» |
| | | япэ, ещанэ, еплIанэ мэремхэм сыхьэт 11-13-хэм | КъБР-м и Парламентым |
| 12 | КъБР-м и Парламентым и депутат Гриневич В. В. | сыхьэти 10-13-хэм | Прохладнэ къалэ округым, Налшык къалэ округым |
| 13 | КъБР-м и Парламентым и депутат Къардэн М. Н. | сыхьэт 11-13-хэм | Шэрэдж муниципальнэ районым, Налшык къалэм |
| 14 | КъБР-м и Парламентым и депутат Бгъэжьнокъуэ З. М. | сыхьэти 10-13-хэм | КъБР-м социальнэ IуэхутхьэбзэхэрдэгъэкIынымкIэ и IэнатIэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм, КъБР-м и Парламентым |
| 15 | КъБР-м и Парламентым и депутат Мокаев К. А. | сыхьэти 10-15-хэм | Шэрэдж муниципальнэ районым, Налшык къалэм |
| 16 | КъБР-м и Парламентым и депутат Щхьэгъэпсо С. Хь. | сыхьэти 10-15-хэм | Шэрэдж муниципальнэ районым, Налшык къалэм |
| 17 | КъБР-м и Парламентым и депутат Пащты Б. С. | сыхьэти 10-17-хэм | Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 57, етIуанэ къат, КПРФ-м и IуэхущIапIэм |
| 18 | КъБР-м и Парламентым и депутат Кансаевэ Е. И. | сыхьэти 10-13-хэм | КъБР-м и Парламентым |

● Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм

# «Аланым» утыку кърехьэ

**Балъкъэрхэм, къэрэшейхэм, осетинхэм я «Алан» щIыналъэ зэхуаку зэгухьэныгъэм и ещанэ зэхуэсыгъуэр Налшык, Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр лъэпкъ театрым, щекIуэкIащ.**

АР къызэIуихащ, апхуэдэуи, зэгухьэныгъэм и IуэхущIафэхэмрэ и мурадхэмрэ тепсэлъыхьащ абы и унафэщI **Беппаев Суфьян**.

- Зэгухьэныгъэм егъэзащIэ мыбы и пэ къихуэу екIуэкIа зэIущIэм зыщыхуигъэувыжа Iуэхухэр. Ар тетщ УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, Осетие Ищхъэрэ-Аланием я законхэм. ПIалъэ кIэщIкIэ ди зэгухьэныгъэм увыпIэшхуэ щиубыдащ балъкъэрхэм, къэрэшейхэм, осетинхэм я гъащIэм. «Алан» щIыналъэ зэхуаку зэгухьэныгъэр къызэрыунэхурэ толажьэ щIыналъэм, Кавказ Ищхъэрэм, Урысейм ис лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкIэр егъэфIэкIуэным, алан лъэпкъхэм я щыIэкIэ-псэукIэм, щэнхабзэм заужьыным. Дэ гулъытэ хэха хуэтщIын хуейщ Кавказым ис лъэпкъхэм я щIэблэр хабзэмрэ нэмысымрэ щIэпIыкIыным, лъэпкъ, дин зэхэгъэж ямыIэу къыдэгъэкIуэтеиным. ЩIыналъэ зэхуаку зэгухьэныгъэр иужь итщ ныбжьыщIэхэр щIэпхъаджащIэ гупхэм ямыгъэщхьэрыуэным, ящий ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ. Дэ куэдрэ дыхэтщ, ди гуащIэ хыдолъхьэ ныбжьэгъугъэмрэ къуэшыгъэмрэ ятеухуа зэIущIэхэм. Псом хуэмыдэу, апхуэдэ IуэхугъуэхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ 2014 гъэр - Урысейм Щэнхабзэм и илъэсу щагъэувар, - жиIащ Беппаев Суфьян.

Зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм къыхигъэщащ «Аланы» тхылъыр къыдагъэкIыным зэрыхуагъэхьэзырыр - лъэпкъ тхыдэм ехьэлIа тхыгъэхэр зэрызэхуахьэсыр. Тхылъым и япэ Iыхьэр дунейм къытехьэнущ мы гъэм.

Беппаевым жиIащ зэгухьэныгъэм Урысейм и политикэ Iуэху убзыхукIэр зэрыдиIыгъыр.

- Урысей Федерацэм и пщIэм дуней псом зыщеIэт. Ар куэдкIэ и фIыгъэщ къэралым и Президент лъэщ Путин Владимир. Псоми къыдгуроIуэ КъуэхьэпIэм Урысейм къыхуигъэува санкцэхэр Америкэм къызэрызэщIигъэстым къызэришэр. Ар хуейщ ди Президентым къегуэуэну. Псори дызэрыIыгъыу Путин Владимир дыкъуэувэн хуейуэ къыдолъытэ, Iуэхум текIуэныгъэ диIэу дыкъыхэкIын папщIэ, - къыхигъэщащ абы.

Зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и ужькIэ къэпсэлъащ Хэку зауэшхуэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэуэзэда Къарухэм я ветеранхэм я Налшык къалэ советым и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа**. Ар къытеувыIащ мы гъэм Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къызэрыщытхьрэ илъэс 70 зэрырикъум, абы теухуауи лэжьыпхъэу къилъытэхэм.

- Хэку зауэшхуэм и ветерану республикэм исыж мащIэм нобэ яхэткъым зыщыпсэун, зышхын зимыIэ. ФIыщIэ яхуэфащэщ ди Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий, КъБР-м и Правительствэм, - жиIащ абы.

Тылым и лэжьакIуэхэм я Iуэхум къыщытеувыIам къыхигъэщащ ахэр щIыналъэ льготэ мыхъуу, федеральнэ льготэм хегъэубыдэн, я гуащIэр Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я гуащIэм пэлъытын хуейуэ къызэрилъытэр, сыту жыпIэмэ, фронтым щызэуахэм я щIыб къыдэтащи.

«Алан» щIыналъэ зэхуаку зэгухьэныгъэм Осетием щиIэ къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Хугаев Герасим**, Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ «Къарачай Алан Халкъ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ **Боташев Сулейман**, балъкъэр лъэпкъым и «Алан» зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ **Мечукаев Хьэзрэт** сымэ къытеувыIащ Iуэху щхьэпэ куэд зэрызэфIагъэкIым.

Зэгухьэныгъэм и Уставым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ, «Аланыр» илъэсищым зэ зэхуэсу щытамэ, иджы илъэситху къэс зэ зэхыхьэну аращ, щIыналъэ зэхуаку зэгухьэныгъэм хэтхэр илъэситху пIалъэкIэ хахынущ. Зэгухьэныгъэм и унафэщIу хахыжащ Беппаев Суфьян.

**НАФIЭДЗ Людмилэ.**



Балтийскэ матросхэм Ленинград яхъумэ. *1942 гъэ, мазаем и 5*

# Жылагъуэ Iуэхухэр ягъэкIуатэ

● ЦIыхубэ фронт

**Иджыблагъэ Налшык щекIуэкIащ «Урысейм и телъхьэ» ЦIыхубэ фронт» жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и къудамэу КъБР-м щыIэм хэтхэм я зэIущIэ.**

АР КЪЫЗЭIУИХАЩ икIи иригъэкIуэкIащ Урысейпсо ЦIыхубэ фронтым и щIыналъэ къудамэу ди республикэм щыIэм и унафэщIхэм ящыщ **Маслов Николай.** Абы къызэрыхигъэщамкIэ, ЦIыхубэ фронтым гъэ кIуам ехъулIэныгъэфIхэр къигъэлъагъуэу лэжьащ, абы хузэфIэкIащ жылагъуэм яхуэщхьэпэн Iуэху куэд зэфIихыну.

ЦIыхубэ фронтым и хэгъуэгу гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI **Минин Вячеслав** тепсэлъыхьащ 2014 гъэм щIыналъэ исполкомым къехъулIахэм. Мининым жиIащ гъэ кIуам зыхуагъэувыжа къалэнхэр къанэ щымыIэу гъэзэщIа зэрыхъуар. Москва щекIуэкIа зэIущIэм ЦIыхубэ фронтым и къудамэу ди республикэм щыIэм и пщэ къыдалъхьэ къалэнхэм зэрыпэлъэщыр къызэрыщагъэлъэгъуар и гуапэу къыхигъэщащ къэпсалъэм. Я мурадхэм хэту Минин Вячеслав и гугъу ищIащ дяпэкIэ узыншагъэр хъумэнымкIэ зэхуэсхэр, медиафорумхэр къызэрагъэпэщыну яужь зэритыр.

- 2015 гъэм и щIышылэ мазэм ди къэралым и Iэтащхьэ Путин Владимир Iэ зыщIидза унафэхэм социальнэ, псэупIэ-коммунальнэ, мэкъумэш, узыншагъэр хъумэн IэнатIэхэр егъэфIэкIуэныр къызэщIаубыдэ. А Iуэхугъуэ псоми мы зэманым гулъытэшхуэ яхуэфащэщ, - жиIащ Мининым.

ЦIыхубэфронтым и ЛэжьакIуэ гупым хэт **Щхьэныкъуэ МуIэед** и гугъу ищIащ щIышылэм и 14 - 15-хэм УФ-м и Жылагъуэ палатэм щекIуэкIа зэIущIэм. Абы къызэригъэлъагъуамкIэ, зэIущIэм кърихьэлIахэм IэмалыфI яIащ абы щекIуэкIа «СтIол хъурей» зэхуэмыдэхэм хэтыну, я Iуэху еплъыкIэхэр къыщагъэлъэгъуэну. Щхьэныкъуэр зыхэтар зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэ сабийхэм, пенсэ ныбжьым нэсахэм, хьэрычэтыщIэ Iуэху цIыкIу зиIэхэм къащхьэщыжыным, абыхэм я хуитыныгъэр хъумэным хухаха зэхыхьэрщ.

Къэпсэлъам къызэригъэлъэгъуащи, фейдэ къегъэщIыным пымыщIауэ ди къэралым ит IуэхущIапIэхэм я бжыгъэр мин 226-м щIегъу, ауэ абыхэм ящыщу лажьэ-мылажьэхэр къэпхутэныр икъукIэ гугъущ. Жылагъуэм деж щрагъэкIуэкIа щIэупщIэныгъэхэм фейдэ къегъэщIыным пымыщIа IуэхущIапIэхэр цIыхухэмкIэ сэбэпу къалъытэркъым, уеблэмэ языныкъуэхэм апхуэдэ IуэхущIапIэ дыхуэмеиххэу жаIэ. Фейдэ къегъэщIыным пымыщIа IуэхущIапIэхэр зэлэжьхэр зэхэхауэ къызэрамыгъэлъагъуэм къешэ цIыхухэм я дзыхь кърамыгъэзыныр. Абы къыхэкIыу Жылагъуэ палатэм зэIущIэм къыщыхилъхьахэм ящыщщ фейдэ къегъэщIыным пымыщIа IуэхущIапIэхэм папщIэ зыуэ щыт урысейпсо реестр къызэгъэпэщыныр, социальнэ унэтIыныгъэ зиIэхэм мылъкум, щIым, транспортым техьэ налогыр, хьэрычэт Iуэхум къахуищIа хэхъуэм техьэ налогхэр ящхьэщыхыныр, къэрал, муниципальнэ мылъкум хыхьэхэр бэджэнду къэзыщтэхэм льготэ яIэныр, нэгъуэщI куэди.

ЗэIущIэм Урысейпсо ЦIыхубэ фронтым и къудамэу КъБР-м щыIэм и щIыналъэ конференцыр щрагъэкIуэкIынумрэ абы къыщаIэтыну упщIэхэмрэ щаубзыхуащ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**



ЗэIущIэм хэтщ Амщыкъуэ ФатIимэ, Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд, Вэрокъуэ Владимир сымэ. *Сурэтыр* Къарей Элинэ *трихащ*.

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэм 2015 гъэм мазаем и 3-м къыщыщIэдзауэ 13-м нэс цIыхухэм зэраIущIэр

| махуэр | сыхьэтыр | езыгъэблагъэр | зэрызэпащIэ телефонхэр |
|---|---|---|---|
| мазаем и 3-м | 10.00-13.00 | Абшаев Магомет ТIэхьир и къуэр | 77-28-44 |
| | 14.00-17.00 | Хьэшыр Светланэ Юрий и пхъур | 77-28-44 |
| мазаем и 4-м | 10.00-13.00 | Болэт Арсен Хьэбыж и къуэр | 77-27-46 |
| | 14.00-17.00 | Палагаев Михаил Александр и къуэр | 77-28-44 |
| мазаем и 5-м | 10.00-13.00 | Шабаев Леви Меир и къуэр | 77-27-46 |
| | 14.00-17.00 | Къаскъул Владимир ФуIэд и къуэр | 77-27-46 |
| мазаем и 6-м | 10.00-13.00 | Этчеев Музэфар Шэрэбудин и къуэр | 77-27-46 |
| | 14.00-17.00 | КхъуэIуфэ Хьэчим Хьэбас и къуэр | 77-27-46 |
| мазаем и 9-м | 10.00-13.00 | Маслов Николай Александр и къуэр | 77-28-44 |
| | 14.00-17.00 | Кульбаев СулътIан Мухьэжыр и къуэр | 77-27-46 |
| мазаем и 10-м | 10.00-13.00 | Тхьэзэплъыж Мурат ТIулэ и къуэр | 77-27-46 |
| мазаем и 11-м | 14.00-17.00 | Энеев Мыхьмут Узеир и къуэр | 77-28-44 |
| | 10.00-13.00 | Вэрокъуэ Владимир Хьалид и къуэр | 77-27-46 |
| мазаем и 12-м | 14.00-17.00 | Колесников Юрий Александр и къуэр | 77-28-44 |
| | 10.00-13.00 | Мэзло Руслан БетIал и къуэр | 77-28-44 |
| мазаем и 13-м | 14.00-17.00 | Беловэ Наталье Сергей и пхъур | 77-27-46 |
| | 10.00-13.00 | Караев Расул Шэрэбудин и къуэр | 77-27-46 |
| | 14.00-17.00 | Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд Хьэбас и къуэр | 77-28-44 |

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI **Чеченов Ануар Ахъмэт и къуэм** я щхьэ IуэхукIэ цIыхухэр ирегъэблагъэ сыхьэти 10-м щыщIэдзауэ сыхьэт 13-м нэс дэтхэнэ бэрэжьейми (нэхъ пасэу зевгъэтх хъунущ 77-69-93 телефонымкIэ)

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэхэм цIыхухэр ирагъэблагъэ:

**Федченкэ Любовь Михаил и пхъум** - сыхьэт 13-м щыщIэдзауэ 16-м нэс дэтхэнэ гъубжми (тел.: 72-07-80);

**Жаным Руслан Мухьэмэд и къуэм** - сыхьэт 13-м щыщIэдзауэ 16-м нэс дэтхэнэ махуэкуми (тел.: 77-69-93)

# Куэдым хуэIэзэ Жылэтеж Сэлэдин 75

***Илъэс 75-рэ ирокъу усакIуэ, тхакIуэ, журналист, сценарист Жылэтеж Сэлэдин. Абы и Iэдакъэм усэхэр, поэмэхэр, рассказхэр, повестхэр, романхэр, кинофильмхэм я сценарийхэр, статьяхэр къыщIэкIащ, тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIащ. Нарт хъыбархэр и лъабжьэу абы сабийхэм папщIэ триха мультфильмхэм щIэблэ зыбжанэ щIапIыкIащ, абыхэм ноби щIэупщIэ яIэщ. Ахэр телевиденэм урысыбзэкIи адыгэбзэкIи къет. А лэжьыгъэхэр щIыпIэ куэдым цIэрыIуэ щыхъуащ.***

***Жылэтеж Сэлэдин Хьэмзэт и къуэр 1940 гъэм щIышылэм и 18-м Арщыдан къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэ школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, 1961 гъэм КъБКъУ-м тхыдэмрэ филологиемкIэ и къудамэм щеджащ. 1963 - 1968 гъэхэм я къуажэ школым егъэджакIуэу щылэжьауэ, ВГИК-м щIэтIысхьэри, сценарист IэщIагъэр иIэу къиухащ. Кавказ Ищхъэрэм ейуэ Орджоникидзе (Владикавказ) къалэм щыIэ киностудием Жылэтежым лэжьэн щыщIедзэ 1972 гъэм. 1976 гъэ пщIондэ Сэлэдин абы щыредакторщ. ИужькIэ Налшык къигъэзэжри, Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм редактору щылэжьащ, игъэхьэзыр нэтынхэр купщIафIэу, цIыхухэр дихьэхыу. 2004 - 2006 гъэхэм КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ, хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ и министерствэм къулыкъу щищIащ, мы зэманым Сэлэдин ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым щрегъаджэ.***

***Жылэтеж Сэлэдин хэтщ Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм, Кинематографистхэм, Журналистхэм я союзхэм. Сэлэдин лъэпкъ литературэм, щэнхабзэм, журналистикэм, кинематографием хуищIа хэлъхьэныгъэхэр къалъытэри, щытхъу, фIыщIэ тхылъ зыбжанэ, дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ.***

Дифl догъэлъапlэ



## ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин: Журналистикэм пэж фIэкIа хэзэгъэнукъым

***Илъэс 75-рэ зэрырикъур ди щхьэусыгъуэу «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм къедгъэблагъэри, Сэлэдин ди упщIэхэм жэуап къаритащи, къыджиIахэм фыщыдогъэгъуазэ.***

**- Сэлэдин, тхэным, журналистикэм дауэ удахьэха хъуа? Япэу къытрадза уи тхыгъэхэм я гугъу къытхуэщIыт.**

- Арщыдан къуажэ школым и етхуанэ классым сыщIэсу Лэскэн районым къыщыдэкI «Красное знамя» газетым си япэ тхыгъэхэр къытехуащ. Класс нэхъыжьхэм сыщыщIэсым нэхъри зестащ тхэным. Зы къыдэкIыгъуи къанэртэкъым колхоз лэжьакIуэхэм, еджакIуэхэм, къуажэдэсхэм я псэукIэм ятеухуа си тхыгъэ абы къытемыхуэу. «Корреспондент пашэ» жиIэу щIэту си сурэтхэри щIэх-щIэхыурэ газетым къытрадзэрт. КIуэ пэтми а лэжьыгъэм нэхъри сыдихьэхащ.

ЦIэрэ щхьэрэ иIэу япэу стхар «Комсомольскэ щIалэгъуалэ хьэгъуэлIыгъуэ» пьесэрщ. Ар сыкъызыдэкIа Арщыдан къуажэ клубми щагъэуващ, уэ щыташ. ЦIыхухэр абы еплъыну яфIэфIу къекIуалIэрт. А тхыгъэр 1961 гъэм хагъэхьауэ щыташ нэхъапэм къыдэкIыу щыта «Зы теплъэгъуэу зэхэлъ пьесэхэр» тхылъым. Абы Iуэхум нэхъри сытригъэгушхуэри, рассказхэр, повестхэр, пьесэхэр къыкIэлъыкIуащ.

**- Усэхэри, пьесэхэри, рассказхэри, повестхэри уи Iэдакъэ къыщIэкIащ, Сэлэдин. Иджыпсту литературэм и сыт хуэдэ жанр нэхъ удэзыхьэхыр?**

- Пьесэ куэд дыдэ ныкъуэтхыу сиIэщ. Иужьрей зэманым Бекович-Черкасскэм теухуауэ стха пьесэр «Iуащхьэмахуэ» журналым къытрадзащ. «Гугъэ дахэрэ мурад екIурэ» зыфIэсща пьесэр иужь дыдэу стхахэм ящыщщ. КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм 2013 гъэм литературэмкIэ иригъэкIуэкIа зэпеуэм адыгэбзэкIэ ягъэхьа тхыгъэхэм я нэхъыфIу ар къалъытащ икIи япэ увыпIэр къысхуагъэфэщащ, щIыхь тхылърэ ахъшэ саугъэтри къызатащ.

Илъэс 75-рэ сыщрикъум ирихьэлIэу «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI Ацкъан Руслан си усэхэри прозэхэри адыгэбзэкIи урысыбзэкIи щызэхуэхьэса, си гъащIэмрэ си гуащIэмрэ ятеухуа тхылъ къыдигъэкIыну гупыж ищIащ. Абы арэзы сытехъуэри, тхылъыр къыдэкIыгъуэм хуэзгъэхьэзыращ. Иужьым прозэ защIэу тхылъыр адыгэбзэкIэ къыдэкIмэ нэхъыфIу Руслан къилъытэжащи, абы солэжь. Мыгувэу хьэзыр хъунущ.

**- Сэлэдин, Москва укIуэу ВГИК-м ущIэтIысхьэну дауэ къохъулIат? Абы ущIэхуэныр зэи тыншу щытакъым.**

- КъБКъУ-м тхыдэмрэ филологиемкIэ и къудамэм заочнэу сыщеджэрт икIи къуажэ школым урысыбзэмкIэ, арифметикэмкIэ, тхыдэмкIэ щезгъаджэрт. Куэд щIауэ си хъуэпсапIэт сценарист IэщIагъэр зэзгъэгъуэтыну, кинолэжьакIуэ сыхъуну. Кинофильмхэм сахуэнэхъуеиншэт. Ауэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ уимыIэу абы ущIэтIысхьэфынутэкъым. Дэ дыщыкIуа гъэм егъэлеяуэ зэпеуэшхуэ щыIэт, зы цIыхум и пIэм цIыхуищэ иту. Къытхуагъэува лэжьыгъэхэр дгъэзэщIа нэужь, еджапIэм дызэрыщIэтIысхьэну тхылъхэр ттыну хуит дащIащ хамэ къэралым щыщ цIыхуи 5-м, Совет Союзым щыщу 10-м. Псори зэгъусэу къыхахар зэрыхъур 15 къудейт. Кинодраматург цIэрыIуэ Каплер Алексей игу срихьри сыкъиищтащ. Апхуэдэу къызэхъулIащ си хъуэпсапIэр.

**- Сэлэдин, нарт хъыбарыжьхэр зи лъабжьэ уи сценарийхэм тету траха «Мывэм и къуэ», «Мывэм и къуэмрэ Иныжьымрэ» мультфильмхэр щIыпIэ куэдым цIэрыIуэ щыхъуащ икIи щIэблэ зыбжанэ абыхэм щIапIыкIащ...**

- ФильмитIри ди къэралым щыпсэу лъэпкъ куэдым я бзэхэмкIэ зэрадзэкIащ, инджылызыбзэкIи къыдагъэкIащ. Нарт Сосрыкъуэ теухуа а фильмхэм еплъахэми кинокритикхэми гулъытэ ин къыхуащIащ. Абы теухуа тхыгъэхэр къытехуауэ щытащ «Советский экран», «Фильмы - детям» журналхэм. Иджыри си хъуэпсапIэт а лэжьыгъэхэм пысщэну. Къэбгъэлъагъуэмэ, «Нартхэм я дыщэ жыг» лэжьыгъэм и сценарийр стхауэ сиIэщ, ауэ Совет властыр къутэжщ, «Союзмультфильм» киностудием худиIа пыщIэныгъэр кIуэдыжри, Iуэхум пытщэфакъым. Армыхъумэ, фильм зыбжанэ хъууэ ахэр къыдэзгъэкIыну си мурадащ.

**- Уипхъу Кэриман зы лъэныкъуэкIэ уи лъагъуэм ирикIуэжауэ жыпIэ хъунущ, Сэлэдин.**

- Пэжщ, Кэриман литературэм холэжьыхь, зэфIэкI хъарзынэхэр иIэу. Абы ди университетым инджылызыбзэмкIэ и къудамэр къиухащ. Тыркум унагъуэу щопсэу. Тыркубзэр урысыбзэкIэ, урысыбзэр тыркубзэкIэ зэредзэкI. Урыс-Кавказ зауэм хэта офицер Торнау Фёдор и «Урыс офицерым и тхыгъэхэр» тхылъыр тыркубзэкIэ зэридзэкIри, Анкара къыщыдигъэкIащ. Гулъытэ зыхуищIахэм ящыщщ Лохвицкий Михаил и «Уафэгъуагъуэ макъыр», ди лъэпкъ Iуэрыiуатэм теухуауэ Хьэдэгъэлl Аскэр и Iэдакъэм къыщIэкIар, нэгъуэщIхэри. Си гуапэ хъуащ «КIыгуугу лъэпкъым я кIуэдыжыкIар» си тхыгъэр тыркубзэкIэ зэридзэкIыу адыгэхэм ятеухуауэ Тыркум къыщыдэкI журналым къызэрытрыригъэдзар.

**- Республикэм и телевиденэмрэ радиомрэ заужьу къэплъытэрэ?**

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, республикэ телевиденэм нобэ зыужьыныгъэ иIэу схужыIэнукъым. Ди радиоми телевиденэми я лэжьыгъэр нэхъ кIащхъэ хъуащ. 60, 70, 80 гъэхэращ а IэнатIэхэм я фIыгъуэу щытар. Абы иужькIэ екIэкIуащ. Телевиденэ и лъэныкъуэкIэ гъунэгъу республикэхэм дакъыкIэроху. Ди республикэм и унафэщIхэм а Iуэху зэIумыбзхэм гулъытэ хуащIамэ, хъарзынэт.

**- Сэлэдин, егъэджакIуэ, тхакIуэ, журналист жыпIэми, IэнатIэ куэдым упэрытащ. Журналистикэми, литературэми, щэнхабзэми хэлъхьэныгъэфIхэр хуэпщIащ. Абыхэм ехьэлIауэ узыхунэмыса е щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ къомыхъулIа щыIэ?**

- Стха сценарийхэмкIэ республикэм теухуа полнометражнэ художественнэ фильм трахыну сыхуейт. Ди республикэм киностудие щылэжьамэ, си хъуэпсапIэхэр къызэхъулIэнут. Ди щIыпIэм киностудие къыщызэIуахыну къыхалъхьат, ауэ Мэлбахъуэ Тимборэ а Iуэхум арэзы техъуакъым, сыту жыпIэмэ, IэщIагъэлIхэр кърашэлIэн, абыхэм псэупIэрэ лэжьапщIэрэ иратын хуейти. Абы пэлъэщыну къилъытэри, киностудиер Осетие Ищхъэрэм къыщызэIуахащ. Абы ди фильмхэри щытрахащ, ауэ езыхэм ейуэ трахам и Iыхьэ ныкъуи хъуркъым дыдейхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ «По следам Карабаира», «Кольцо старого шейха», нэгъуэщIхэри. Ауэ, иджыри къытызогъэзэжри, а студиер ди деж щылэжьамэ, фильм 20 - 30-м нэблагъэ диIэнут. Ар щыуагъэу яIэщIэкIащ. Нартыхур, шэч хэмылъу, узыхуей гъавэщ, ауэ абы нэмыщI кинои, тхылъи, нэгъуэщI Iэджи цIыхухэр хуэныкъуэщ.

**- Литературэм, журналистикэм къыхыхьа ныбжьыщIэхэм сыт хуэдэ чэнджэщ ептынт, Сэлэдин?**

- Журналистикэм пэж фIэкIа хэзэгъэнукъым. Зы пцIы гуэр зэрымыщIэкIэ пIэщIэкIмэ, уи напэр текIынущ. Совет властыр къутэжа нэужь, къежьауэ щыташ зыгуэрым теухуа тхыгъэхэр Iулъхьэ ятурэ къытрырагъадзэу, зэрыщымыт кIэралъхьэу. Телевиденэм сыщыщылэжьа зэманым зы щыуагъэ сIэщIэкIауэ щыташ. Ди телевиденэм щылажьэ гуэрым и шыпхъум и къуэм дзэм къулыкъу щищIэрти, и анэм письмо къыхуагъэхьащ и щIалэр тэмэму зэригъэсам папщIэ фIыщIэ къыхуащIу. А хъыбарыр къыджезыIар ди лэжьакIуэти, Iуэхум пцIы хэмылъу къэслъытэри, телевиденэмкIэ къэстащ. Нэхъ иужьыIуэкIэ си Iыхьлы гуэрым къалэм сыщыхуэзауэ къызжиIащ: «Зымахуэ узыщытхъуа цIыхубзым и къуэр икIи игъэсакъым икIи ипIакъым. Ар езыр бзылъхугъэ мыхъумыщIэщ. А псор зи фIыщIэр и анэшхуэращ». Дауи, а Iуэхум сриукIытэжащ. Аращи, журналистикэр IэщIагъэу къыхэпхамэ, хъыбар пэж фIэкIа птхы, утепсэлъыхь хъунукъым.

Литературэри аращ. ЦIыхум гурыщхъуэ зыхуищIын Iуэхугъуэ тхыгъэм хэт хъунукъым.

**- Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым илъэс зыбжанэ хъуауэ ущолажьэ. Абы щебгъэдж дерсхэм я гугъу уэзгъэщIынут.**

- Абы «сценарное мастерство», хамэ къэрал литературэ, киномрэ телевиденэмрэ я тхыдэ дерсхэр щызогъэдж. ЩIэныгъэм хуэпабгъэ студентхэр ди куэдми, хуэмыхухэри яхэтщ. Ди еджапIэр къэзыух языныкъуэхэм я щIэныгъэм аспирантурэм щыпащэ, адрейхэм нэгъуэщI щIыпIэхэм щыхагъахъуэ.

**- Сэлэдин, фи студентхэм я IэщIагъэмкIэ республикэм IэнатIэ щагъуэтрэ?**

- Ар нэхъ гугъущ. Нэхъапэм, Совет зэманым, институт къэзыуххэм здэкIуэр, щIэкIуэр, къилэжьынур зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ, псэупIэ къызэрыратынумрэ къыщратынумрэ ящIэу щыташ. Иджы а псор кIуэдыжащ. Хэт сыт хуэдэу и Iуэху пхигъэкIыфынуми зэлъытар и къарум, и щIэныгъэм къызэрихьщ.

**- Насыпыр цIыху къэс зэхуэдэу къыгурыIуэркъым. Уэ, Сэлэдин, насыпу къэплъытэр сыт?**

- Насыпыр цIыху къэс зэхуэдэуи къехъулIэркъым. Абы зыри пхуещIэнукъым. Уи натIэм къызэрыритхам хуэдэу уи Iуэхур екIуэкIыну аращ, армыхъумэ, абы зыри пхухэлъхьэнукъым икIи пхухэхынукъым. Насыпыр Iыхьэ мыгуэшщ, жаIэ. Апхуэдэу хъуми, насыпыфIэ дыдэ хъуи щыIэщ, езыр зыми щымыщу. Ауэ щыIэщ, езым сыт и лъэныкъуэкIи хуэфащэу, насып зымыгъуэт цIыхуи.

*Епсэлъар* **ТЕКIУЖЬ Заретэщ**.

## Апхуэдэ цIыхухэрщ сигу ирихьыр

**Мурадышхуэхэр пщIауэ икIи абыхэм ерыщу ухуэкIуэу упсэуну тыншкъым, ар ещхьщ къурш гъуэгум: абы ущыхуозэ жьыбгъэшхуи, уэсыдзи, пшагъуэ Iуви, зы бгыщхьэ удэкIамэ, нэгъуэщI бгыщхьэ къыппоплъэ, удэкIыну нэхъ гугъужу. Апхуэдэ гъуэгуанэм тетыр цIыху къарууншэмэ, ерыщагъ зыхэмылъмэ, ар псынщIэу йош, адэкIэ кIуэну дзыхь имыщI мэхъу, ауэ а цIыхур и гур здэплъэм и лъэр зыхуфу щытмэ, абы къэгъази щIегъуэжи иIэнукъым, кIуэнущ япэкIэ, сыт хуэдэ гугъуехь хуэмызами. Пэжыр жысIэнщи, апхуэдэ цIыхухэращ сэ нэхъ сигу ирихьри, гъуэгу сытеувэн хуей хъумэ, сыздежьэну къыхэсхынури. Нобэ сэ и гугъу фхуэсщIыну сыхуейт апхуэдэ цIыхуу слъытэ Жылэтеж Сэлэдин.**

АБЫРЭ сэрэ япэ дыдэу дыщызэхуэзауэ щыташ 60 гъэхэм тхакIуэ ныбжьыщIэхэм папщIэ ирагъэкIуэкIа зэIущIэм. Дэ дызэбгъэдэсти, слъагъурт ар къэпсалъэхэм гупсэхуу зэредаIуэр. Сэ занщIэу сигу ирихьат щIалэ Iэсэ набдзэгубдзаплъэр. Сэлэдин сэ нэхърэ нэхъыщIэт, Арщыдан къуажэм щыщт, егъэджакIуэуи лажьэрт, заочнэу университетым щеджэрт, усэ, рассказ итхырт.

Университетыр къыщиуха 1965 гъэм ирихьэлIэу Жылэтежым усэхэр, рассказхэр газетхэм, журналхэм къытрыригъадзэрт. Илъэсищ докIри, Сэлэдин щIотIысхьэ КинематографиемкIэ союзпсо къэрал институтым. Езым зэригугъауэ къыщIэкIат псори: мыбы ущеджэну гъэщIэгъуэнт, удэзыхьэхт, ауэ икIи гугъут. Сэлэдин къикIуэтакъым, еджащ егугъуу икIи киносценарист IэщIагъэр иIэу институтыр къиухри, КинохроникэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ студием редактору лэжьэн щыщIидзащ. Абы зэрыщыIа илъэсиплIым къриубыдэу Жылэтежыр жыджэру хэлэжьыхьу студием къыдигъэкIащ «Кавказ Ищхъэрэ» киножурналым и номер щэщIым щIигъу. Студием и унафэщIхэм фIы дыдэу къалъытауэ щыташ Сэлэдин и сценарийхэмкIэ траха документальнэ фильмитI: «ГъащIэ къызэрыгуэкI», «Адэм и сурэт». Япэр теухуат Прохладнэ районым Чапаевым и цIэр зэрихьэу щыIэ колхозым и тхьэмадэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Iэбубэчыр Нажмудин. ЕтIуанэ фильмым зи гугъу ищIыр Осетие Ищхъэрэмрэ Башкир АССР-мрэ я цIыхубэ художник Тавасиев Сослъэнбэчт.

Телевизореплъхэм ягу къинэжащ Жылэтежым и сценарийкIэ траха «Кировыр - Кавказ Ищхъэрэм» жыхуиIэр. «Абы теухуа материалхэр зэхуэсхьэсу сэ сыщылэжьащ ди къэралым и къалэ куэдым, - игу къегъэкIыж Сэлэдин. - А фильмыр щагъэлъэгъуащ ди къэралми нэгъуэщI щIыпIэхэми».

Илъэс тIощIым щIигъукIэ Жылэтеж Сэлэдин щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм. ЖыIэн хуейщ Жылэтежыр гугъу ехьурэ зыхуэкIуа киносценарист IэщIагъэм фIы дыдэу зэрыхэзэгъар. Абы и щыхьэтщ иужьрей илъэсхэм итха сценарийхэр. Иджы ахэр зытеухуар адрей ди хъыбарыжьхэм, таурыхъхэм хэт лIыхъужьхэрщ. «Сэ согупсыс ахэр фильму къыдэзгъэкIа зэрыхъуным», - жеIэ Сэлэдин.

Фильмхэм зэрелэжьым, телевиденэм редактор IэнатIэр зэрыщрихьэкIам къыдэкIуэу, Жылэтежым литературэми щиIэщ ехъулIэныгъэ нэрылъагъухэр. Абы сабийхэми балигъхэми папщIэ итх усэхэр ди журналхэм, газетхэм къытохуэ, радиокIэ, телевиденэкIэ къат. Сэлэдин и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэд зыбжанэ цIыхухэм фIыуэ ялъэгъуащ. Псалъэм папщIэ, фигу къэдгъэкIыжынщ абы и уэрэд гъуэзэджэ «Университет вальс» зыфIищар. Апхуэдэу нобэр къыздэсым щIэупщIэ иIэщ Молэ Владимир макъамэ зыщIилъхьа «Узыншэу, школ» и уэрэдым.

Литературэм зэрыщылажьэрэ Жылэтежым и Iэдакъэм къыщIэкIауэ дунейм къытехьащ тхылъ куэд. А тхылъхэм ящыщу гу нэхъ зылъыуагъатэ «ГъащIэм пызыщэ», «Лэгъупыкъу», «Толъкъуным и гъыбзэ» зыфIищахэм. Абыхэм тхылъеджэхэри критикхэри гуапэу IущIауэ щыташ. «Лъапсэмрэ къуэпсымрэ» и романым щыщ Iыхьэхэр «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуащ. Романыр Сэлэдин итхащ зи гугъу ищI Iуэхугъуэхэм фIыуэ зэрыхищIыкIыр IупщIу, и бзэр шэрыуэу, образхэр уи нэгу, псэум хуэдэу, къыщIэувэу.

Киносценарист, журналист, тхакIуэ, усакIуэ, зэдзэкIакIуэ Жылэтеж Сэлэдин куэд хузэфIэкIащ. Абы дяпэкIи ди щэнхабзэм, литературэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуищIыну си гугъэщ. Тхьэм куэдрэ уигъэпсэу, Сэлэдин!

**КЪАГЪЫРМЭС Борис**,
*КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ.*

## Сабийми балигъми яхуэбзэIэфI

**И ныбжьым хэхъуэху, цIыху нэсыр нэхъыбэрэ зыщIогупсысыж, къикIуа гъуэгуанэм хуеплъэкIыжурэ: сыт схузэфIэкIа, сыт схузэфIэмыкIа? ХузэфIэкIар нэхъыбэху, и гур нэхъ хохъуэ, и мурадхэр нэхъ ин мэхъу, нэхъ куэдыжым пэлъэщыну къегъэгугъэ.**

ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин къикIуа гъуэгуанэм хуеплъэкIыжмэ, арэзы зытехъуэжыну лэжьыгъэ къыхуэлъагъужынущ. Пэжщ, абы и лэжьыгъэ псори зэуэ нэм къыIуимыдзэнкIэ мэхъу, ауэ, гупсэхуу уапхыплъмэ, а лэжьыгъэр ди щэнхабзэм икъукIэ щхьэпэ зэрыхуэхъум гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым.

Зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуа Сэлэдин и гъащIэр литературэмрэ гъуазджэмрэ пыщIауэ къокIуэкI. Абы и рассказхэр гуапагъэкIэ, дахагъэкIэ, цIыху лъагъуныгъэ къабзэкIэ гъэнщIащ. Упсэуху фIы пщIэуэ, цIыхугъэ нэс пхэлъу дунейм утетын зэрыхуейр джэлэс зыхуэхъуа абы и рассказхэр щызэхуихьэса «ГъащIэм къыпызыщэ» и тхылъыр 1974 гъэм Налшык къыщыдэкIащ. 1983 гъэм дунейм къытехьа «ЛIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ» повестым тхылъеджэхэри критикхэри гуапэу IущIауэ щыташ, сыту жыпIэмэ, мы тхыгъэм абы IэкIуэлъакIуэу къыщигъэлъэгъуащ гъащIэр плъыфэ зэмыфэгъу Iэджэу зэрызэхэлъыр.

Псом хуэмыдэу Жылэтежым къехъулIэр сабийхэм ятриухуэ тхыгъэхэрщ. Абы и щыхьэтщ «Нарт и ныбжьэгъухэр» тхылъ цIыкIур, и мультфильмхэр.

А псоми къагъэлъагъуэ Жылэтежыр сабийми балигъми IэкIуэлъакIуэу зэрахуэлажьэр.

**УЭРЭЗЕЙ Афлик.**

## Жылэтеж Сэлэдин и усэхэр

### Адэм

Сыхуэныкъуащ сэ уи чэнджэщ,
Гугъэм лъэбакъуэхэр щыхуэсчым,
Сэ зэикI сиIакъым махуэ, жэщ,
Лъэхъэнэ гугъухэр щызэпысчым.
Сыхуэныкъуащ сэ уи Iэ лъэщ,
СыIуууэхункIэ хьэзаб Iэджэ,
Къысщхьэщыжыну сэ нэгъуэщI
Къэзмылъыхъуа сэ уэ зым фIэкIкIэ.
Сыпхуэныкъуащ, зызоумыс,
Си гъащIэ тIэкIум сыпщIэбгыу.
ИтIани уи цIэм хуэсщIт нэмыс -
ЗакъэзмыгъащIэт си гур бэгыу.
Иджы сыт?.. Месыр, уаIэщIокI,
Уэ уи Iыхьлыхэу къопщIэкIахэм,
Сэри мы си гур къысфIогъыкI -
Сщыгъупщэжащ гугъу есхьэкIахэр.
Хэт дауи ныбжь къимыгъэщIам
Ар Iейми фIыми зэ Iууэнущ,
Зэгуэри хэт къыIэщIэщIам
И щIыхьыр нэхъ игъэмэщIэнущ.
СыщIэбэгащ сэ, уи фIэщ щIы,
ЗозмышэкIа сыббгъэдэлъадэу,
ИтIани сытетыхукIэ ЩIЫМ,
Сэ згъэпудынкъым уи цIэр - адэр.

### Анэм

Сыплъытэу уэ уи нэу,
Сыплъагъум уину
Гъэ куэдкIэ гугъу зебгъэхьащ.
Илъэсхэр къиину,
Уи бынхэр мыину
Жэщ куэдкIэ уэ упыхьащ.
Уи закъуэу угуIэу,
Ар зыми жумыIэу
Уи гуауэр уэ пкъуэлъыжащ.
Сэ псори сибгъэIэу,
Уэ зыри уимыIэу
Гугъуехьыр уэ къолыжащ.
Ялейуэ уанэу,
Хуей щыхъум уадэу
Сыпхъумэу усщхьэщытащ.
Уэ убжу уунэу,
НасыпкIэ ууардэу
Сыхэхъуэу плъагъум щытащ.
Уи ныбэм имызми,
Уи Iыхьэр къыслъысым
IэфIагъыр уигу нэсу щытащ.

Сэ нобэ услъагъум
Мы си гур мэиныр -
Мы си псэм уэ пхуещIри ЩIыхь,
Упсэущи согушхуэр.

### Вагъуэхэр

ЩIакIуэ фIыцIэм телыдыкIыу
Тез къысфIощI налкъутналмэс,
ЖэщкIэ уафэм къипщIыпщIыкIыу
Я нэхугъэр щIылъэм къос.
Ахэр зэщхьэщ - псори вагъуэщ,
Языризмэ цIыхухэм - дэгъуэщ,
Сэ сысейр сфIыремыкIуэд!
Слъагъуу къоплъыр зыр дэп маскIэу,
НэгъуэщI вагъуэхэри плъыжьщ,
Хэти мэхъу пылъэлъу хъуаскIэр -
Псэ зыIутыр кIэлъыплъынщ.
Къытхуехьыну ахэр уафэм? -
Псори хуэдэщ къелъэхъшэх,
СфIэщIу уэгуми къыщыфэ -
Пшынэ макъи зэхызох.

### Напэ

Ахъши, фIыгъуи,
нэгъуэщI гуэри
Пэмыхъуну напэм!
ЛIы хуэдэлIым псэри гури
Къуитыфынущ япэ!
Мис аракъэ щIакIуэ кIапэм
ЛIыхэр нышIыхуэкIуэр,
ЦIыхур и пщIэр иIэ напэм
СыткIи ирагъэкIур...
Напэр напэщ!
Напэр лъапIэщ,
Напэр сытми япэщ!
Ухуэзышэр щIакIуэ кIапэм
Егупсыс - уи напэрщ!..
Ахъши, фIыгъуи,
нэгъуэщI гуэри
Пумылъыт уэ напэм.
ЛIы хуэдэлIым псэри гури
Къуитыфынущ япэ!

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар*
ТекIужь Заретэщ.


КъБР-м и Президент КIуэкIуэ Валерий ЩIыхь тхылъ кърет. *2000 гъэ*


И унагъуэм и гъусэу.


Темыркъан Юрэ Налшык къэкIуэжащ. *1992 гъэ*


*Сурэтыр* **КъуэщIысокъуэ Владимир** *ищIащ.*

# 1615 Адыгэ махуэгъэпс 2015

## ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм къыдэкIа цIыху цIэрыIуэхэр


УзэщIакIуэ, жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэ, дипломат **Къэзанокъуэ Жэбагъы** (1685 - 1750 гъгъ.)


Къэбэрдей пщы уэлий **ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ** (1663 - 1710 гъгъ.)


КъБАССР-м и Правительствэм и УнафэщI **Къущхьэ КIыщыкъуэ** (1923 - 1998 гъгъ.)


Урысей Федерацэм и Къэзыбж палатэм и Тхьэмадэ, КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщI **Къэрмокъуэ Хьэчим** (1941 гъэ)


КъБР-м и Парламентым и УнафэщI, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Нэхущ Заурбий** (1943 гъэ)


Пщы, Георгий щихъым и орденыр зрата **ХьэтIохъущокъуэ Исмел-Псыгъуэ** (1760 - 1812 гъгъ.)


УзэщIакIуэ **Бжьыхьэлl Лиуан** (XVI лIэщIыгъуэ.)

### МАЗАЕ
Февраль

| | |
|---|---|
| Бл. | 2 9 16 23 |
| Гъу. | 3 10 17 24 |
| Бр. | 4 11 18 25 |
| Мху. | 5 12 19 26 |
| Мр. | 6 13 20 27 |
| Щб. | 7 14 21 28 |
| Тхъ. | 1 8 15 22 |

### ЩIЫШЫЛЭ
Январь

| | |
|---|---|
| Бл. | 5 12 19 26 |
| Гъу. | 6 13 20 27 |
| Бр. | 7 14 21 28 |
| Мху. | 1 8 15 22 29 |
| Мр. | 2 9 16 23 30 |
| Щб. | 3 10 17 24 31 |
| Тхъ. | 4 11 18 25 |


Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Бырс Анзор** (1892 - 1988 гъгъ.)


Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Щоджэн ТIэлашэ** (1898 - 1978 гъгъ.)

### БАДЗЭУЭГЪУЭ
Июль

| | |
|---|---|
| Бл. | 6 13 20 27 |
| Гъу. | 7 14 21 28 |
| Бр. | 1 8 15 22 29 |
| Мху. | 2 9 16 23 30 |
| Мр. | 3 10 17 24 31 |
| Щб. | 4 11 18 25 |
| Тхъ. | 5 12 19 26 |

### ШЫЩХЬЭУIУ
Август

| | |
|---|---|
| Бл. | 3 10 17 24 31 |
| Гъу. | 4 11 18 25 |
| Бр. | 5 12 19 26 |
| Мху. | 6 13 20 27 |
| Мр. | 7 14 21 28 |
| Щб. | 1 8 15 22 29 |
| Тхъ. | 2 9 16 23 30 |


Георгий жорым и нагъыщиплIри къэзыхьа **Джэтау Уэлий** (1881 - 1922 гъгъ.)

### ГЪАТХЭПЭ
Март

| | |
|---|---|
| Бл. | 2 9 16 23 30 |
| Гъу. | 3 10 17 24 31 |
| Бр. | 4 11 18 25 |
| Мху. | 5 12 19 26 |
| Мр. | 6 13 20 27 |
| Щб. | 7 14 21 28 |
| Тхъ. | 1 8 15 22 29 |


Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Бгъэжьнокъуэ Хьэчим** (1915 - 2002 гъгъ.)

## Илъэс 400 зи ныбжь Зеикъуэ къуажэр

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап. итщ).*

ТХЫДЭР щыхьэт тохъуэ ХьэтIохъущыкъуэ и пщычо (къалэ-быдапIэ) Бахъсэн псыхъуэ зэрыдэтам - Къэзанықъуейм и Iэшэлъашэм, псым и сэмэгурабгъумкIэ, Гундэлэныпсыр абы щыхэхуэм деж. ЩIэныгъэлI цIэрыIуэ Лавров Леонид зэритхымкIэ, ХьэтIохъущокъуэ Исмел (Исмел Псыгъуэ) и адэ Темрыкъуэ и сыныр абдежщ здитар. Пащтыхьым и дзэпщхэр къенықъуэкъу щыхъум, Темрыкъуэ Инжыдж псыхъуэ Iэпхъуауэ щытащ, абы зыбжанэрэ щыпсэуащ, Iэщэ ищIурэ Къэбэрдейм къригъашэ зэпытащ, щылIари аращ: и хьэдэр шыкхъаблэкIэ къахьыжри Зеикъуэ щыщIалъхьэжащ, и сыныр Бахъсэныпсымрэ Гундэлэныпсымрэ я тIуащIэм дэтащ. Зи цIэ къитIуа щIэныгъэлIыр, Лавров Леонид, щилъэгъуар абдежращ.

ХьэтIохъущыкъуей уэркъхэм Къэбэрдей щIыналъэм и Iэтащхьэ Орбелиани 1862 гъэм хуатхыгъащ: «Ди адэжьхэр илъэсищэрэ щэ ныкъуэрэ и пэкIэ 1712 гъэхэм (*Къ. Хь.)* ХьэтIохъущокъуэ Темрыкъуэ и уэркъыу щытащ, абыхэм дращIэблэщ дэ». А тхылъым Iэ щIадзащ уэркъ зыбжанэм: Iэпщэ Исмел, Жэмыхъуэ Аслъэнбэч, АфэщIагъуэ Мэт, ГъукIэлI Мухьэмэт, Джэдгъэф Едыдж, Дыкъынэ Маш, Шыбзыхъуэ Наурыз, Щоджэн Умар, Сыжажэ Хьэжы, Шурдым Хьисэ, Къэрмокъуэ Бэракъ, Щомахуэ Ислъам, Шэт Ибрэхьим, Болэт Заурбэч сымэ. Абыхэм я щIэблэ лъэпкъхэр Зеикъуэ ноби дэсщ.

Зи гугъу тщIы тхылъыр архивым къыщызыгъуэтар Бейтыгъуэн Сэфарбийщ.

И адэм нэхърэ нэхъ цIэрыIуэ хъуащ Исмел Псыгъуэ: щIэныгъэ иIащ, адыгэхэм, нэгъуэщI бгырыс лъэпкъхэм я тхыдэм теухуауэ тхыгъэ зыбжанэ къызэринэкIащ, урысыдзэм щыхэтам щыгъуэ зэрихьа лIыгъэм папщIэ Георгий орденым и 4-нэ нагъыщэр кърататауэ щытащ. Лермонтов Михаил и къалэмыпэм къыщIэкIа «Измаил-бей» поэмэр зытеухуар абы и гъащIэмрэ и IуэхущIафэхэмрэщ.

Я лъапсэм щIэдзапIэ хуэхъуар Бахъсэн псыхъуэрами, Къэбэрдей псор яIэщIэлъащ ХьэтIохъущокъуэхэ - Налшык (ПсыкIэху псым) къыщыщIэдзауэ Псыхуабэ, ЕсэнтIыгу, Нартсанэ нэс. Пащтыхь дзэпщхэм Къэбэрдейр зыIэщIаубыда нэужь, пщыхэм, ХьэтIохъущокъуэхи яхэту, унафэ яIэщIэлъыжакъым.

ЩIэблэм зэи щIащымыгъупщэн фIыщIэ ябгъэдэлъщ ХьэтIохъущокъуэхэ. Ди тхыдэм игъащIэкIэ къыхэнащ, дапщэщи дэгъуэгурыкIуэнущ абыхэм я фIыщIэр, дэ дригушхуэ зэпытынущ ХьэтIохъущокъуэхэ Кургъуокъуэ, Исмел Псыгъуэ, Мыхьэмэт Iэшэ, Адэлджэрий, Бомэт, Аслъэнбэч, Бэчмырзэ, Мысост сымэ, нэгъуэщIхэми. АдыгэбзэкIэ (къэбэрдеибзэкIэ) япэ дыдэ дунейм къытехьауэ щыта тхылъыр зи къалэмыпэм къыщIэкIар ХьэтIохъущокъуэ Къазийщ. Къэбэрдейм и закъуэкъым, къэрал псом щыцIэрыIуэщ ХьэтIохъущокъуэ ХьэтIохъущыкъуэ игъэкIауэ щыта жыг хадэр - зыбжанэ щIащ зыгъэкIам и цIэр а хадэм зэрыфIащыжрэ.

НэгъуэщI фIыщIи бгъэдэлъщ ХьэтIохъущыкъуэ. Бзэгуцэхэм ягъэжакъуэри, куэд зэрехьэжьауэ щытащ, Тыркум Iэпхъуэн мурад ящIауэ. Ахэр я пIэ иригъэтIысхьэжыгъащ ХьэтIохъущыкъуэ, япэуври. Езыр дунейм щехыжар XIX лIэщIыгъуэм и кIэрщ.

1906 гъэ лъандэрэ Зеикъуэ дэтащ ХьэтIохъущокъуэхэ я унэ дэгъуэ - туф мывэ упсам къыхэщIыкIауэ. Зеикъуэ дэт къуажэкхъэхэм ящыщ зым къыщызэтенащ ХьэтIохъущокъуэхэ я кхъэлэгъунэ, абы мывэ сын зыбжанэ итщ, дунейм ехыжа пщы цIэрыIуэхэм хухасауэ. Хьэрэкхъуэрэ ипщэIуэкIэ къыщызэтенащ ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ иригъэщIауэ щыта къалэ-быдапIэм и къутахуэхэр - абдеж щапэуври, Кургъуокъуэ и шуудзэм зэхакъутауэ щытащ кърым хъаным и зауэшыхэр. Апхуэдэр пщыгъупщэ хъунукъым, ар дигу илъ зэпытын хуейщ зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж дэтхэнэми.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**,
*тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*


Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Къалмыкъ Хьэжмурат** (1926 - 1965 гъгъ.)

### ФОКIАДЭ
Сентябрь

| | |
|---|---|
| Бл. | 7 14 21 28 |
| Гъу. | 1 8 15 22 29 |
| Бр. | 2 9 16 23 30 |
| Мху. | 3 10 17 24 |
| Мр. | 4 11 18 25 |
| Щб. | 5 12 19 26 |
| Тхъ. | 6 13 20 27 |

### МЭЛЫЖЬЫХЬ
Апрель

| | |
|---|---|
| Бл. | 6 13 20 27 |
| Гъу. | 7 14 21 28 |
| Бр. | 1 8 15 22 29 |
| Мху. | 2 9 16 23 30 |
| Мр. | 3 10 17 24 |
| Щб. | 4 11 18 25 |
| Тхъ. | 5 12 19 26 |


ГуащIэдэкI ЩIыхьым и орден псори зыхуагъэфэща **Шурдым Лидэ** (1941- 2009 гъгъ. )


Генерал-майор, тхакIуэ **Нэхущ Мырзэбэч** (1923 - 1999 гъгъ.)

### ЖЭПУЭГЪУЭ
Октябрь

| | |
|---|---|
| Бл. | 5 12 19 26 |
| Гъу. | 6 13 20 27 |
| Бр. | 7 14 21 28 |
| Мху. | 1 8 15 22 29 |
| Мр. | 2 9 16 23 30 |
| Щб. | 3 10 17 24 31 |
| Тхъ. | 4 11 18 25 |


КъБАССР-м и министр **Къущхьэ Гъумар** (1927 - 1994 гъгъ.)

### НАКЪЫГЪЭ
Май

| | |
|---|---|
| Бл. | 4 11 18 25 |
| Гъу. | 5 12 19 26 |
| Бр. | 6 13 20 27 |
| Мху. | 7 14 21 28 |
| Мр. | 1 8 15 22 29 |
| Щб. | 2 9 16 23 30 |
| Тхъ. | 3 10 17 24 31 |

### МЭКЪУАУЭГЪУЭ
Июнь

| | |
|---|---|
| Бл. | 1 8 15 22 29 |
| Гъу. | 2 9 16 23 30 |
| Бр. | 3 10 17 24 |
| Мху. | 4 11 18 25 |
| Мр. | 5 12 19 26 |
| Щб. | 6 13 20 27 |
| Тхъ. | 7 14 21 28 |


ЩIДАА-м и президент **Нэхущ Iэдэмрэ** (1938 гъэ) абы ипхъу, Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ институтым и унафэщI **Нэхущ Викториерэ** (1966 гъэ)

### ДЫГЪЭГЪАЗЭ
Декабрь

| | |
|---|---|
| Бл. | 7 14 21 28 |
| Гъу. | 1 8 15 22 29 |
| Бр. | 2 9 16 23 30 |
| Мху. | 3 10 17 24 31 |
| Мр. | 4 11 18 25 |
| Щб. | 5 12 19 26 |
| Тхъ. | 6 13 20 27 |

### ЩЭКIУЭГЪУЭ
Ноябрь

| | |
|---|---|
| Бл. | 2 9 16 23 30 |
| Гъу. | 3 10 17 24 |
| Бр. | 4 11 18 25 |
| Мху. | 5 12 19 26 |
| Мр. | 6 13 20 27 |
| Щб. | 7 14 21 28 |
| Тхъ. | 1 8 15 22 29 |


КъБР-м и министр **Къардэн Ахьмэд** (1953 гъэ)


Философие щIэныгъэхэм я доктор **Унэж Кашиф** (1946 гъэ)


Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор **Бгъэжьнокъуэ Барэсбий** (1947 гъэ)


Иужьрей адыгэ джэгуакIуэ **Сыжажэ Къылъшыкъуэ** (1863 - 1945 гъгъ.)


КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Къэрмокъуэ Мухьэмэд** (1929 гъэ)


Химие щIэныгъэхэм я доктор **Шурдым Гъээлий** (1934 гъэ)


Биологие щIэныгъэхэм я доктор **Щауэ Мухьэмэд** (1944 гъэ)


УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Хъупсырджэн Албэч** (1956 гъэ)


КъБР-м, АР-м, КъШР-м, Осетие Ищхъэрэм, Ингушым я цIыхубэ артист **Нэхущ Чэрим** (1970 гъэ)

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленином и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къ., Ленином и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 22.30-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.748
Заказ №163